



AVI SOU POLITIK

Politik sou Teren 2024 - 1

Politik: Fèmti Aplikasyon pou Revizyon Diskresyonè BRC Akòz pa gen Repons Dat Antre an Vigè: 1ye fevriye 2024

Lien politik la: <https://www.mass.gov/doc/eec-closing-brc-discretionary-review-applications-due-to-non-response-policy-documenthaitian-creole/download>

APÈSI

EEC te etabli règleman sa yo pou asire kandida yo pa rete oswa afilye ak yon pwogram pandan plis pase 120 jou san yon detèminasyon final aptitud Verifikasyon Dosye Antesedan (pase moun nan (BRC) apati de ECC. Kandida BRC yo ki annatant, nan estati renouvèlman, pwovizwa ak/oswa kondisyonèl ki pa reponn a demann EEC pou enfòmasyon siplemantè nan lespas 120 jou, yo pral bay yo yon detèminasyon aptitud "Pa Apwopriye" akòz yo pa reponn. Kandida BRC yo ki te deja an kontak avèk moun ki ba yo lisans lan oswa inite BRC a nan objektif pou ranpli aplikasyon BRC yo pral jwenn yon pwolongasyon 30 jou.

APLIKABILITE

Règleman sa a aplike pou tout pwogram EEC lisansye, apwouve, oswa finanse.

MIZAJOU KLE YO

- Apati 1ye fevriye 2024, tout kandida BRC ki rete annatant, an renouvèlman, an estati pwovizwa ak/oswa kondisyonèl pandan plis pase 120 jou epi ki pa reponn a demann ECC enfòmasyon siplemantè yo, yo pral ba yo yon detèminasyon aptitud «Pa Apwopriye» akòz yo pa reponn.
- Kandida ki te deja an kontak avèk swa moun ki ba yo lisans lan oswa inite BRC a nan objektif pou ranpli aplikasyon BRC yo a pral jwenn 30 jou kalandriye siplemantè anplis dèlè 120 jou a pou konplete pwosesis revizyon diskresyonè BRC a. Si, apre pwolongasyon 30 jou a, kandida a toujou pa soumèt tout enfòmasyon yo mande yo, yo pral ba li yon detèminasyon aptitud «Pa Apwopriye.»
- Tout kandida yo bay yon detèminasyon aptitud «Pa apwopriye » akòz yo pa reponn, yo pa pral otorize yo ankò pou travay oswa afilye avèk yon pwogram EEC lisansye ak/oswa finanse epi yo dwe retire yo nan pwogram nan nan lespas 14 jou.
- Tout kandida yo pral resevwa yon lèt «Pa Apwopriye» pa lapòs oswa imèl ki dekri tout dwa apèl ki aplikab yo. Pwogram yo pral resevwa yon lèt «Pa Apwopriye» pou kandida a atravè Pòtay Pwogram BRC oswa BRC Manager a oswa, nan ka founisè FCC yo, pa imèl.

RESOUS

[Tanpri tcheke gid resous EEC a sou politik sa a](#). Si oumenm oswa anplwaye ou gen kesyon sou politik sa a oswa ou bezwen sipò siplemantè, tanpri kontakte Sant Kontak EEC a nan 617-988-7841.

OBOSOLÈT (pa sèvi ankò)

Sa a se yon nouvo politik epi li pa ranplase okenn politik aktyèl EEC BRC.